# <u>प्रेस-विज्ञप्ति</u>

शिक्षा मंत्रालय द्वारा 30 सितंबर 2023 आ 1 अक्टूबर 2023 कें भारतीय भाषा उत्सव आ "प्रौद्योगिकी तथा भारतीय भाषा" विषय पर दू-दिवसीय समागमक आयोजन।

28 सितंबर 2023 सँ होमय बला 75 दिवसीय भारतीय भाषा उत्सवक एकटा अंगक रूप मे शिक्षा मंत्रालय द्वारा भारतीय भाषा उत्सव आ "प्रौद्योगिकी तथा भारतीय भाषा" पर एकटा दू-दिवसीय समागमक आयोजन 30 सितंबर 2023 आ 1 अक्टूबर 2023 कें कएल जा रहल अछि। भारतीय भाषा उत्सवक एकटा अंगक रूप मे एहि समागमक उद्घाटन माननीय शिक्षा मंत्री श्री धर्मेन्द्र प्रधान जी द्वारा डा. बी. आर. अंबेदकर अंतर्राष्ट्रीय केंद्र, डा. राजेन्द्र प्रसाद मार्ग, नई दिल्ली मे कएल जाएत। बीज भाषण देताह श्री श्रीधर वेंबू, सभापति, आइ आइ आइ टी-डीएम, कांचीपुरम आ सीईओ जोहो कारपोरेशन। एहि समागमक तीन टा कथ्यात्मक सत्र होएत, जेना- (।) भारतीय भाषाक लेल प्रौद्योगिकी (।।) भारतीय भाषा मे प्रौद्योगिकी, आ (।।।) भारतीय भाषाक माध्यम सँ प्रौद्योगिकी। एहि विचार-विमर्शक प्रमुख विषय होएत-भारतीय भाषाक माध्यम सँ शिक्षण-अधिगम मे, सेवा-पूर्व आ सेवारत शिक्षक, पाठ्य पुस्तक लेखक, परीक्षक आ विषय विशेषज्ञ आदिक प्रशिक्षण मे, श्रेयांक प्रदानक माध्यम सँ भारतीय भाषाक ज्ञान आ प्रवीणताक परीक्षण मे शिक्षण-अधिगम सामग्रीक अनुवाद आ अंततः एनईपी 2020क संकल्पक मोताबिक शिक्षाक वर्तमान पारिस्थितिकी तंत्र सँ भारतीय भाषाक पारिस्थितिकी तंत्र मे सुगम संचरण सुनिश्चित करय मे प्रौद्योगिकीक प्रयोग।

एहि दू-दिवसीय समागमक दौरान भारतीय भाषा मे शिक्षाक लक्ष्य-प्राप्ति हेतु एकटा मार्ग-मानचित्रक निर्माण कएल जाएत जेकर कार्यान्वयन सभटा हितधारक लोकनि शिक्षाक क्षेत्र मे करताह। आशा अछि जे एहि समागम मे विभिन्न व्यवसाय आ क्षेत्र, जेना-शिक्षाविद, विद्यार्थी, शोध छात्र, एडुटेक आ इन्फोटेक उद्योग, तकनीकी विशेषज्ञ, मीडिया आ फ्रीलांसर आदि सँ करीब 1000 व्यक्ति भाग लेताह। एहि समागमक आयोजन शिक्षा मंत्रालय, कौशल विकास एवं उद्यमिता मंत्रालय आ हिनक अंगीभूत संस्थान जेना-भारतीय भाषा संस्थान, विश्वविद्यालय अनुदान आयोग, राष्ट्रीय शैक्षणिक प्रौद्योगिकी फोरम, अखिल भारतीय तकनीकी शिक्षा परिषद्, राष्ट्रीय व्यावसायिक एवं तकनीकी शिक्षा केंद्र, राष्ट्रीय शिक्षक शिक्षा परिषद् आ भारतीय भाषा समिति द्वारा कएल जा रहल अछि।

एकर विस्तृत विवरण समागमक वेबसाइट https://technology-bhartiyabhasha.aicte-india.org पर उपलब्ध अछि।